

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**


Ieu panalungtikan kaasup kana panalungtikan kualitatif. Panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtikna ditalaah leuwih jero sangkan bisa kacangkem ma'nana (Moleong, dina Arikunto, 2013, kc. 22).

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nya éta métodé déskriptif. Métode déskriptif nya éta métode anu miboga tujuan pikeun nyieun déskripsi; maksudna nyieun gambaran, lukisan sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan data, sifat-sifat, sarta hubungan fenoména-fenoména anu ditalungtik (Djajasudarma, 2010, kc. 9).

Dina ieu bab dipedar opat perkara nu patali jeung metodé panalungtikan. Éta opat perkara téh nya éta désain panalungtikan, data jeung sumber data, ngumpulkeun data jeung analisis data.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Nurutkeun Umar (2008, kc.6), désain panalungtikan nya éta rarancang gawé nu miboga struktur hubungan-hubungan antar variabel sacara komprehensif sangkan hasilna bisa méré jawaban tina patalékan-patalékan nu aya. Dina ieu panalungtikan aya sawatara léngkah-léngkah pikeun ngararancang jeung ngalaksanakeun panalungtikan nya éta: (1) ngarumuskeun masalah anu patali jeung déiksis sosial, (2) ngumpulkeun data nu ngagunakeun instrumen, (3) ngolah data ku cara nganalisis déiksis sosial nu aya dina novel *Tri Tangtu di Bumi*, (4) déskripsi data jeung, (5) nyusun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré desain panalungtikan dibagankeun saperti di handap.




**Bagan 3.1**  
**Désain Panalungtikan**

### 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data mangrupa hasil catetan sagala panalungtikan boh fakta boh angka (Arikunto, 2010, kc. 161). Dumasar kana wangenan di luhur, data dina ieu panalungtikan nya éta sakumna kalimah anu ngandung déiksis sosial. Sumber data dina panlunngtikan nya éta buku. Hal ieu dimenangkeun, sakumaha nu ditétélakeun (Moleong, 2012, kc. 159) sumber data, bisa mangrupa buku jeung majalah ilmiah, arsip, dokumen pribadi, jeung dokumen resmi. Ku kituna, sumber data utama dina ieu panalungtikan nya éta novel *Tri Tangtu di Bumi*.

#### 2.3.1 Deskripsi Buku



Gambar 3.1

*Tri Tangtu di Bumi* mangrupa novel sajarah nu ngagambarkeun pangalaman Pamanah Rasa, putra Prabu Dewa Niskala ti Kawali, nu ngumbara ka kaler, nikah ka Nyi Ambet Kasih tuluy ka Putri Subunglarang nu ngalihirkéun Walungsunggang, Lazarantang, jeung Sangara nu ngagéns agama Islam milih ka indung ogé dipulung maritu ku Prabu Samuk turuggi di Pakuan. Malah waktu zya paketrok pahanan antara mitoha jeung brapané Pamanah Rasa nu gesus diangkat jadi Prabu Anom di Pakuan, milihak ka mitoha, dia ora anggapanana brapané ngalakukéun kasalahan, bnyana usaha setekah polah supaya paketrokna éta dua raja ieh teu rumbulikeun peperangan antara dua nagara nu asalnu hiji, nyawa Standa. Selain ti éta, Pamanah Rasa nemo aya bahaya nu jolna ti Demak nu gesus Islam, Yoseph lair basi nembungkeun parémura ingéunaan sajarah Sonda, tapi ahus denih dirva ngagambarkeun tokoh-tokohna iur sacara tapis ngamungpaatkeun unsur-unsur carita partur.

Kasih tuluy ka Putri Subanglarang nu ngalahirkeun Walang Sungsang, Lara Santang, jeung Sangara, nu ngagem agama Islam milu ka indung. Pamanah Rasa ogé dipulung mantu ku Prabu Susuktunggal di Pakuan. Malah waktu aya paké trok paham antara mitoha jeung bapana, Pamanah Rasa nu geus diangkat jadi Prabu Anom di Pakuan, mihak ka mitoha, da cék anggapanana bapana ngalakukeun kasalahan. Inyana usahana satékah polah supaya paké trokna éta dua raja téh teu nimbulkeun peperangan dua nagara anu asalna hiji, nya éta Sunda. Salian ti éta, Pamanah Rasa nénjo aya bahaya nu jolna ti Demak nu geus Islam.

### 3.3 Ngumpulkeun Data

#### 3.3.1 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang jeung hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih lengkep jeung sistematis (Arikunto, 2013, kc. 203).

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data. Kartu data dipaké pikeun ngumpulkeun data tina sumber data. Eusi dina kartu data ngawengku kode data, kalimah anu kaasup kana déiksis sosial, sumber data, kaca, jeung paragraf dicutatna data.

Conto kartu data:

Conto:

*“Cik Radén, kumaha béja nu sabenerna ngeunaan Nagri Galuh ieu? Ceuk Prabu Dewa Niskala ka mantuna”.* (TTDB/7/6)

Déiksis Sosial: Mantuna anu nuduhkeun Raden Baribin.



Tipe : Déiksis Éksoforis

Posisi : Déiksis Kataforis

Antésédén : Raden Baribin ( Frase Barang)

### 3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Langacker (dina Sudaryat, 2004, kc. 31) nétélakeun yén data basa téh bisa dikumpulkeun ku rupa-rupa téhnik kyaning téhnik téks, obsérvasi, intuisi, jeung élisitasi. Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik téks, nya éta data basa anu dikumpulkeun asalna tina sumber tinulis saperti koran, majalah, jeung buku. Dina panalungtikan umum sok disebut téhnik ulikan pustaka (Studi Pustaka, Studi Bibliografis) Atawa studi dokumentasi. Ari léngkah-léngkahna ngumpulkeun data saperti ieu di handap.

- 1) Maca sageblengna novel *Tri tangtu di Bumi*;
- 2) Nyirian kalimah anu ngandung déiksis sosial; jeung
- 3) Nyalin déiksis sosial anu kapanggih dina novel Tri Tangtu di Bumi kana kartu data.

### 3.4 Analisis Data

Data anu geus kakumpul ngaliwatan prosés ngumpulkeun data tuluy dianalisis. Téhnik anu dipaké pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nya éta teknik analisis unsur langsung. Téhnik analisis unsur lapangan dipaké lantaran sumber datana dina wangun tulisan, udanganana pikeun nganalisis posisi jeung wujud antésédén nu diacuna. Aya sawatara léngkah dina nganalisis datana nya éta:

- 1) mariksa deui data antésédén déiksis sosial anu geus kakumpulkeun pikeun nangtukeun bener henteuna;
- 2) Ngaruntutkeun data sacara alfabétis;
- 3) Ngodeuan data;
- 4) Nyieun paragraf data déiksis sosial;
- 5) Nganalisis data déiksis sosial;
- 6) Ngadeskripsikeun data déiksis sosial;
- 7) Napsirkeun jeung nyieun kacindekan.